

## BAB V

### KACINDEKAN JEUNG SARAN

#### 5.1 Kacindekan

Tina hasil analisis perkara wangun jeung hubungan semantis antarklausa kalimah ngantét dina rumpaka kawih Sunda sakumaha dipedar dina bab IV, bisa dicindekeun sawatara hal sakumaha ieu di handap.

- a. Tina jihat hubungan antarklausana kalimah ngantét dina rumpaka kawih Sunda kagolong kana kalimah koordinasi. Wangun kalimah ngantét (koordinasi) téh ngagabungkeun dua klausa atawa leuwih nu séwang-séwangan miboga kalungguhan nu satata dina struktur konstituén kalimah. Kalimah ngantét dina rumpaka kawih Sunda nu klausana miboga hubungan koordinasi bisa dipolakeun: **KngKoord: Klausa Bebas ± Konj Koord + Klausa Bebas.** Pola kalimah ngantét (koordinasi) téh diwangun ku dua klausa bébas, boh disambungkeun ku konjungsi koordinatif (satata) boh henteu.
- b. Tina 10 rumpaka kawih Sunda nu dijadikeun sampel, kapaluruh 57 kalimah ngantét. Hubungan semantis kalimah ngantét nu kapaluruh ngawengku hubungan jumlah, hubungan lalawan, hubungan tumuluy, hubungan sinambung, jeung hubungan panandes. Hubungan jumlah aya 9 kalimah (15,8%), hubungan lalawan aya 7 kalimah (12,3%), hubungan tumuluy aya 15 kalimah (26,3%), hubungan sinambung aya 10 kalimah (17,5%). Ari kalimah panandes aya 16 kalimah (28,1%). Ditilik tina perséntasena, tétéla

yén hubungan panandes pangréana muncul dina kalimah ngantét dina rumpaka kawih Sunda.

## 5.2 Saran

Sacara métodologis, ieu panalungtikan didasardeun kana sumber data nu kawatesanan. Rumpaka kawih Sunda nu mekar saéstuna kawilang réa pisan, ngan baé dina ieu panalungtikan mah data nu dikumpulkeun tur dianalisis téh kawatesanan. Sangkan hasil panalungtikan lianna nu sarupa jeung ieu panalungtikan leuwih jembar, kawilang hadé saupama data nu digunakeun téh leuwih réa jumlahna, boh tina jihat réspondénna, média sumebarna, boh tina jihat jumlah téksna sorangan. Hadé ogé saupama dibandingkeun jeung rumpaka tembang katut sajak.

Ditilik tina ambahan ulikanana, ieu panalungtikan saukur nalungtik téks rumpaka kawih Sunda tina jihat wangun jeung hubungan semantis antarklausa kalimah ngantét. Pikeun panalungtikan lianna nu sarupa jeung ieu panalungtikan, hadéna ambahan ulikanana dilegaan tina jihat kontéks

Nalungtik rumpaka kawih Sunda téteła teu cukup ukur dibekelan ku pangaweruh paélmuan basa. Rumpaka kawih Sunda raket patalina jeung widang-widang paélmuan lianna saluareun paélmuan basa jeung musik. Ku éta hal, penting pisan panalungtik nu aya minat ngulik perkara rumpaka kawih Sunda jeung karya sastra lianna, mekelan dirina ku pangaweruh-pangaweruh dina widang paélmuan musik, sosiologi, antropologi, psikologi, pédagogik, jeung komunikasi.